



Pou Piblikasyon Imedya: 27/06/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**AN REYAKSYON A DESIZYON SOU ZAFÈ JANUS LA, GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN
YON DEKRÈ EGZEKITIF POU PWOTEJE MANM SENDIKA YO KONT
PÈSEKISYON AK KAPONNAY**

***Premye reyaksyon ki fèt pa rapò a zafè Janus la nan nasyon an entèdi antite Eta
yo pou yo revele enfòmasyon kontak pèsònèl anplwaye piblik pou pwoteje yo
kont aksyon anti-sendikal***

***Sa ajoute sou abitud Gouvènè Cuomo a pou li pwoteje mouvman sendikal la kont
agresyon federal***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te siyen yon [Dekrè Egzekitif](#) pou pwoteje manm sendika yo kont pèsèkisyon ak kaponnay, epi konsa te reprezante premye aksyon eta a pran an reyaksyon a desizyon Kou Siprèm nan sou zafè Janus la. Dekrè Egzekitif la entèdi antite yo nan Eta a pou yo revele enfòmasyon kontak pèsònèl anplwaye eta yo poutèt rapò moun ak òganizasyon k ap pèsèkite manm sendika yo oswa fiti manm sendika yo. Gouvènè a anonse tou li pral pwopoze lejislasyon pou entèdi revelasyon enfòmasyon pèsònèl tout anplwaye sektè piblik yo, sa gen ladan anplwaye eta ak minisipal.

“Desizyon devastatè Kou Siprèm nan sou zafè Janus la se te yon pwopozisyon milyadè ak konsèvatè ekstrèm yo ki vle detwi mouvman sendikal la, epi kounye a menm fòs sa yo pa wont ap eseye kaponnen anplwaye piblik yo pou yo kite sendika yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare**. “Nan New York, nou di sa p ap pase konsa, nou di non a aksyon anti-sendikal. New York se yon eta sendikal, epi toutotan se mwen ki gouvènè Eta New York, n ap fè tout sa ki nan pouvwa nou pou pwoteje manm sendika yo epi garanti mouvman sendikal la kontinye ap kenbe pwomès Rèv Ameriken an.”

[Rapò](#) ki fèt dènyèman nan medya yo endike gen sèten gwoup ekstrèm dwat ki jwenn enfòmasyon kontak anplwaye piblik gras a politik sou libète enfòmasyon yo epi k ap sèvi avèk enfòmasyon yo pou lanse kanpay a gran echèl kont manm sendika yo nan kontakte anplwaye, nan sèten ka lakay yo, epi ba yo enfòmasyon anti-sendikal pou ankouraje yo kite sendika yo epi dekouraje afilyasyon ak sendika. Yo te deja prevwa desizyon sou zafè Janus la t ap redui yon fason espektakilè kantite manm sendika yo nan sektè piblik la pa plizyè santèn.

“Desizyon Kou Siprèm nan sou zafè Janus la atake gason ak fi k ap travay di yo nan Etazini”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare**. “Isit la nan New York, nou kanpe pou sendika yo epi n ap mete nouvo règ anplas pou prezève epi pwoteje dwa travayè yo. Sendika yo se baz Etazini, epi nou p ap janm sispann lite pou amelyore lavi fanmi yo toupatou nan eta nou an. Nou p ap kite yo detwi fòs mouvman sendikal la nan New York, epi n ap kanpe avèk sendika yo pandan n ap vanse.”

Mario Cilento, Prezidan AFL-CIO Eta New York, te deklare, “Lè li garanti pwoteksyon ekstrèmman enpòtan sa a, gouvènè a yon fwa ankò montre angajman li pou li kanpe pou dwa gason ak fi travayè yo. Nou remèsye gouvènè a dèske li pran devan nan kesyon enpòtan sa a epi dèske li bay egzanp pou tout fonksyonè eli yo toupatou nan peyi nou an”.

Danny Donohue, ki se Prezidan CSEA, te deklare, “Desizyon sou zafè Janus la ap chèche retire libète travayè yo genyen pou yo defann tèt yo, fanmi yo ak kominote yo. Dekrè Egzekitif Gouvènè Cuomo a pral pwoteje manm nou yo kont taktik eksestif ekstrèm dwat la epi kont pèsèkisyon ak kaponnay. Mwen remèsye Gouvènè a dèske li pran mezi rapid sa a pou pwoteje sendika yo epi dèske li voye yon mesaj klè ki di New York kanpe avèk mouvman sendikal la”.

Wayne Spence, Prezidan Federasyon Anplwaye Piblik yo (Public Employees Federation), te deklare, “Pandan desizyon sou zafè Janus la ak mouvman anti-sendikal anraje konsèvatè yo ap menase egzistans sendika yo, nou remèsye Gouvènè Cuomo dèske li kanpe dwat ak fèm avèk mouvman sendikal la. Dekrè Egzekitif sa a pral ofri pwoteksyon esansyèl pou anplwaye piblik yo epi ede nou defann yo kont aksyon anti-sendikal. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo dèske li pa janm sispann kore dwa sendika yo”.

Prezidan NYSUT, Andy Pallotta, te deklare, “Mwen bat bravo pou Gouvènè Cuomo pou devouman fèm li pou gason ak fi travayè eta sa a devan agresyon federal la sou mouvman sendikal la. Pandan gouvènman federal la ap eseye detwi fòs sendika yo, Eta New York kanpe avèk mouvman sendikal la, epi mwen pa ka tann pou mwen kontinye travay avèk Gouvènè Cuomo”.

Dekrè Egzekitif la fonde sou angajman Gouvènè a pou li pwoteje mouvman sendikal la devan agresyon gouvènman federal la sou sendika yo. Poutèt li te prevwa desizyon Kou Siprèm lan sou zafè Janus la, Gouvènè Cuomo te siyen premye [lejislasyon](#) nan nasyon an pou pwoteje afilyasyon ak sendika nan lye travay sektè piblik yo.

Depi 2011, Gouvènè a t ap defann efò pou sipòte Nouyòkè k ap travay yo, ki gen ladan konbat eksplwatasyon travayè yo, sa k ap sipòte pwojè konvansyon kolektiv yo, epi pèmèt yo dedwi kotizasyon sendikal konplè yo nan taks eta a yo.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)